**WO'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI' JOQARI HA'M WORTA ARNAWLI BILIM BERIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATINDAG'I' QARAQALPAQ MA'MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**QARAQALPAQ FILOLOGIYASI' FAKULTETI**

**QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI'**

*Qaraqalpaq filologiyasi' bakalavr ta'lim bag'dari'ni'n'*
*4-kurs studenti Akimbaeva Nawba'ha'rdi'n'*

# KURS JUMI'SI'

## Temasi': Qaraqalpaq tilinde kelbetliktin' analitikal?q jol menen ku'sheyttiriliwi

**Ilimiy basshi': doc. B.Ubaydullaev _____________**

**No'kis – 2012**

Mazmuni’


Kirisiw……………………………………………………3

a) So’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwi haqqi’nda tu’sinik……………………………………………4

b) Qaraqalpaq til biliminde so’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwine baylani’sli’ ma’selelerdin’ izertleniwi……………………………………………………5

I. BAP. Kelbetliktin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwi…………………………………………13

1.1. Yen’+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi………………15

1.2. Ju’da’+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi………………22

1.5. Ku’ta’+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi ………………26

1.7. Wog’ada+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi……………29

1.8. Wog’i’ri’+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi……………30

1.9. Asa+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi…………………31

1.10. A’bden+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi……………31

1.11. Di’m+kelbetlik tipinde ku’sheyttiriliwi………………32

Juwmaq……………………………………………………33

Paydalang’an a’debiyatlar…………………………………34

# Kirisiw

So’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler ha’zirgi tu’rkiy tillerdin’ barli’g’i’nda belgili ku’sheytiw, artti’ri’w ushi’n qollani’ladi’. Tu’rkiy tillerde bir qi’yli’ belgilerdin’ pari’qlari’ (belginin’ az yaki ko’pligi) analitikali’q ha’m sintetikali’q usi’llarda ko’rinedi. Professor N.K.Dmitriev ottenkalari’n payda yetiwshi analitikali’q ha’m sintetikali’q usi’llari’ haqqi’nda ayti’p wo’tken yedi. Wol belgili ku’sheytiwshi forma analitikali’q ha’m sintetikali’q usi’l arqali’ bolatug’i’nli’g’i’n ko’rsetip, bunda analitikali’q usi’ldi’n’ u’stin yekenligin ayri’qsha atap wo’tedi.[1]

Demek, ha’zirgi tu’rkiy tillerde belginin’ ko’pligi, analitikali’q, al belginin’ azli’g’i’ sintetikali’q usi’l menen ani’qlanadi’. Belginin’ ko’pligin ko’rsetiwshi analitikali’q usi’l menen payda bolg’an so’zler ilimiy a’debiyatlarda so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler ati’ menen ju’ritiledi. So’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler kelbetlik ha’m ra’wishlerdin’ aldi’ndag’i’ qollani’li’p, wolardag’i’ belgini ku’sheytiwge xi’zmet qi’ladi’.

So’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler grammatikani’n’ kelbetlik ha’m ra’wishlerge arnalg’an baplari’nda yamasa kelbetlik, kelbetliktin’ da’rejeleri, ra’wishlerge tiyisli ilimiy jumi’slarda g’ana ayti’ladi’, biraq tu’rkiy tillerde, soni’n’ ishinde qaraqalpaq tilinde wog’an arnalg’an arnawli’ izertlew jumi’slari’ joq.

---

[1] Дмитриев Н.К. Грамматика башкирского языка. М-Л., 1948, 84-бет.

Demek ku’sheytiwshi so’zlerdin’ tu’rleri, wolardi’n’ tilde tutqan worni’ tiller arali’q uli’wma ha’m wo’zine sa’ykes wo’zgeshelikleri izertlenbegen. Sonday-aq, tu’rkiy tillerde ku’sheytiwshi so’zler sani’ni’n’ ko’beyip bari’w jollari’ ha’m usi’llari’ u’yrenilmegen. Ku’sheytiwshi so’zlerdin’ jaqsi’ izertlenilmegeni wo’z na’wbetinde kelbetlik da’rejesinin’ klassifikaciyasi’ ushi’n da keri ta’sir ko’rsetedi.

## a) So’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwi haqqi’nda tu’sinik

So’z tek g’ana sintetikali’q (morfologiyali’q) usi’l menen yemes, al analitikali’q usi’l menen de jasaladi’. So’z jasali’wdi’n’ analitikali’q usi’li’ so’zdi tiykarg’i’ ha’m qosi’msha morfema dep yeki tu’rge bo’lgende qosi’msha morfemani’n’ qosi’li’wshi’ morfemalar dep atalatug’i’n tu’rine jatadi’.

Qazaq tilinde analitikali’q so’z wo’zgertiwdin’ elementlerin ataw ushi’n arnawli’ terminler qollani’ladi’. Ma’selen, ma’nili so’zdin’ aldi’nda yamasa keyninde dizbeklesip kelip analitikali’q so’z wo’zgertiwdi bildiretug’i’n elementlerdin’ uli’wma atamasi’n qosalqi’lar dep ataydi’.

Qaraqalpaq tilinde analitikali’q so’z wo’zgertiwge qatnasatug’i’n ko’mekshi morfemalardi’ ataw ushi’n arnawli’ terminler yele tan’lap ali’nbag’an.

So’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’ tiykarg’a so’zdin’ aldi’nda ayti’li’p, wog’an ha’r tu’rli ku’sheytiw ma’nisin ju’kleytug’i’n so’zler ha’m buwi’nlar. Wolardi’n’ ma’nileri birgelkili ku’sheytiw ma’nili boli’p, ku’sheytiwshi so’zler ha’m ku’sheytiwshi buwi’nlar boli’p yekige bo’linedi.

Ku’sheytiwshi so’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’ – tiykarg’i’ so’zlerdin’ aldi’nda ayti’latug’i’n di’m, yen’, ju’da’, asa usag’an so’zler. Mi’sali’: ***ju’da’ jaqsi’, di’m jaman*** degende jaqsi’, jaman so’zlerinin’ ma’nileri ku’sheytilip berilgen.

Ku’sheytiwshi buwi’nli’ so’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’ qatari’na ***qap-qara, sap-sari’, qi’p-qi’zi’l*** degen jup so’zlerdin’ aldi’n’g’i’ komponenti retinde ayti’latug’i’n ***qap, sap, qi’p*** usag’an ku’sheytiwshi ma’nidegi buwi’n morfemalar kiredi.

Solay yetip, bul qosi’li’wshi’ morfemalardi’ qospa so’zlerdin’ qurami’ndag’i’ bir komponent da’rejesinde qarap, wolardi’ so’z aldi’nan qosi’li’wshi’lar qatari’na kirgiziw kerek.

Qaraqalpaq tilinde ku’sheytiwshi so’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’ ha’zirge shekem tek g’ana kelbetlik ha’m ra’wishtin’ ishinde qarali’p, artti’ri’w da’reje dep atali’p kiyati’r.

## b) Qaraqalpaq til biliminde so’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwine baylani’sli’ ma’selelerdin’ izertleniwi

So’z – tildin’ tiykarg’i’ birligi. Wol til biliminin’ barli’q tarawlari’ ta’repinen ha’r qi’yli’ bag’darlarda izertlenedi. Til

biliminde so'zdin' analitikaliq formalari haqqindag'i ma'sele ko'binese hindevropa tillerine baylanisli izertlenilip kelindi.

Akademik V.V.Vinogradov rus tilindegi feyillerdin' analitikaliq formalarin izertley wotirip, analitikaliq konstrukciyanin' quramindag'i ko'mekshi feyillerdin', misali, *буду* degen ko'mekshi feyildin', wo'zi menen dizbeklesip aytilg'an tuyiq feyilge keler ma'ha'l ma'nisinen (grammatikaliq ma'ni) basqa hesh qanday qosimsha leksikaliq ma'ni an'latilmaytug'inin aytadi. «Sonliqtan da *буду читать* eki so'zdin' yamasa eki formanin' erkin dizbeklesiwi emes. Bul – *читать* degen feyildin' keler ma'ha'linin' bir g'ana qospa (analitikaliq) formasi, bir tutas grammatikaliq birlik».[1] V.V.Vinogradovtin' «Rus tili» (1947-j.) atli miynetinde grammatikaliq kategoriyalardin' ha'r tu'rli da'rejede grammatikalang'an analitikaliq konstrukciyalar arqali an'latiliyaina, so'zdin' analitikaliq formalarina ayriqsha diqqat awdarip, wonda da'reje kategoriyasinin' analitikaliq formalari, betlik kategoriyasinin', ma'ha'l ha'm meyil tu'lerinin' analitikaliq usil arqali beriliwi izertlengen.

Tu'rkiy tillerde so'zdin' analitikliq formasi, sonin' ishinde feyillerdin' analitikaliq formalari, 1960-70-jillardan baslap arnawli tu'rde izertlene basladi. Bul rette A.A.Yuldashevtin' «Tu'rkiy tillerindegi feyildin' analitikaliq formalari» degen miyneti menen N.Woralbaevanin' «Ha'zirgi qazaq tilindegi

---

[1] *В.В.Виноградов.* Русский язык. М.-Л., 1947, 570-бет.

feyildin’ analitikaliq formalari» degen dissertaciyasin atap wo’tiwge boladi.[1]

So’zdin’ analitikaliq formasi yamasa analitikaliq konstrukciya so’zlerdin’ dizbeginen jasaladi. Usi ta’repinen alg’anda, wol qospa so’zler menen de, so’z dizbekleri menen de uqsas bolip keledi. Biraq bug’an qarap, analitikaliq konstrukciyani qospa so’z benen yamasa so’z dizbekleri menen birdey dep qarawg’a bolmaydi. Analitikaliq konstrukciyanin’ qospa so’z yamasa so’z dizbekleri menen uqsas ta’replerin ha’m de wolardan ayirmashiliq ta’replerin aniqlaw ushin, analitikaliq formanin’ ko’binese qaysi so’z shaqaplarina ta’n yekenligin aniqlap, uqsasliq ha’m ayirmashiliqlardi sol so’z shaqaplarinin’ analitikaliq formalarina baylanisli salistirip analizlegen maqul.

Tu’rkiy tillerde so’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheytiriliwi bir qansha jaqsi’ izertlengen.

Tu’rkiy tillerde bir qi’yli’ belginin’ ha’r qi’yli’ pari’qlari’ (belginin’ az yaki ko’pligi) analitikali’q ha’m sintetikali’q usi’llarda ko’rinedi. Professor N.K. Dmitreev wo’z miynetlerinde tu’rkiy tillerde belgi ottenoklari’n ko’rsetiwshi analitikali’q ha’m sintetikali’q usi’llar haqqi’nda so’z yetken yedi. Ol belginin’ ku’sheyttiriwshi forma analitikali’q ha’m sintetikali’q usi’l menen ani’qlanatug’i’ni’n ko’rsetip, bunda analitikali’q usi’ldi’n’

---

[1] *А.А.Юлдашев.* Аналитические формы глагола в тюркских языках. М., 1965; *Н.Оралбаева.* Аналитические формы глагола в современном казахском языке. Докт… диссертация авторефераты. Алама-Ата, 1971.

u’stin yekenligin, al sintetikali’q usi’l bolsa tek semantikali’q jaqtan shegaralani’wi’n ayri’qsha ko’rsetedi.[1]

Ha’zirgi wo’zbek, uyg’i’r, qazaq, tu’rkmen tillerinde de belginin’ ko’pligi analitikali’q, al azli’g’i’ sintetikali’q usi’l menen ani’qlanadi’. Belginin’ ko’pligin ko’rsetiwshi analitikali’q usi’l arqali’ jasalg’an so’zler ilimiy a’debiyatlarda ku’sheytiwshi so’zler dep ataladi’. Ku’sheytiwshi so’zler kelbetlik ha’m ra’wishlerdin’ aldi’nda kelip, belgini ku’sheytip ko’rsetedi.

Ku’sheytiwshi so’zler grammatikani’n’ kelbetlik ha’m ra’wishke arnalg’an baplari’nda yamasa kelbetlik, kelbetlik da’rejeleri, ra’wishlerge arnalg’an ilimiy jumi’slarda ayti’li’p wo’tilgen, lekin tu’rkiy tillerde, atap aytqanda, wo’zbek tilinde wolarg’a arnalg’an arnawli’ izertlew ju’rgizilmegen. Demek, ku’sheytiwshi so’zlerdin’ tu’rleri, wolardi’n’ konkret tillerde tutg’an worni’, tiller arali’q uli’wma ha’m wo’zine say wo’zgeshelikleri arnawli’ izertlenbegen.

Sonday-aq, tu’rkiy tillerde ku’sheytiwshi so’zler sani’ni’n’ ko’beyip bari’w jollari’ ha’m usi’llari’ u’yrenilmegen. Ku’sheytiwshi so’zlerdin’ jaqsi’ izertlenbewi, wo’z na’wbetinde kelbetlik da’rejeleri klassifikaciyasi’ ushi’n da ta’sir ko’rsetedi.

Wo’zbek tilinde bul boyi’nsha A.Hamidovani’n’ arnawli’ monografiyasi’ bar. Bunda avtor ha’zirgi wo’zbek, uyg’i’r, qazaq, tu’rkmen tillerinde so’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwinde ku’sheytiwshi so’zlerdin’

[1] Дмитриев Н.К. Грамматика башкирского языка. М-Л., qori, ir-бет.

grammatikali’q wo’zgesheliklerin wo’z-ara ha’m bul tillerde bir-biri menen sali’sti’ri’p izertlegen.[1]

İzertlewde tiykari’nan ha’zirgi wo’zbek, uyg’i’r, qazaq, tu’rkmen tillerindegi ko’rkem, ilimiy shi’g’armalardan paydalani’lg’an. Sali’sti’ri’w ushi’n basqa tu’rkiy tilleri materiallari’ paydalani’lg’an. Ha’r bir so’z, forma konkret til faktleri tiykari’nda analiz islengen.

Sonday-aq, tuwi’sqan tillerdegi uli’wma uqsasli’qlardi’ birinshi wori’nda ko’rsetiw na’zerde tuti’lg’an. Avtor wo’zbek tilinde so’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwin usi’ miynette ken’ tu’rde tuwi’sqan tillerdegi ku’sheytiwshi ma’ni beretug’i’n so’zlerdi sali’sti’rmali’ ra’wishte izertlegen. Al, wo’zbek tilinin’ grammatikasi’nda bul so’zler „orttirma daraja“ dep ju’rgiziledi. Wolar belgini ku’sheytip ko’rsetiw maqsetinde qollani’li’p, tilde belgini bildiriwshi so’z shaqaplari’ kelbetlik ha’m ra’wishlerde boladi’.

Qazaq tilinde bul so’zler so’z aldi’ qosi’mtalari’ ha’m ku’sheytiwshi ma’nili so’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’ dep ataladi’.[2]

Qosi’li’wshi’lardi’n’ bul tu’rine predmettin’ sapasi’n, belgisin, si’ni’n, mug’dari’n, ko’lemin artti’ri’p, ku’sheytip ko’rsetetug’i’n so’zlerdi kirgizedi.

*Wolar yen’, a’bden, di’m, nag’i’z, asa* ha’m t.b. so’zler. Avtor qaraqalpaq tilin qazaq tili menen sali’sti’ra woti’ri’p qaraqalpaq tilinde ku’sheytiwshi ma’nili so’z aldi’

---

[1] Ҳамидова. А. Туркий тилларда сўз маъносининг аналитик йўл билан кучайтирилиши. Тошкент, 1984.
[2] Мергенбаев Е.М. Түркий тиллерде сөз өзгертиў системасы. Нөкис, 1994.

qosi’li’wshi’lari’ni’n’ tu’rleri ko’p yekenligin aytadi’. Wolar ku’ta’, ju’da’, wog’i’ri’ ha’m t.b.[1]

Sonday-aq, wo’zbek tilinde bul topardaa’i’ qosi’li’wshi’larg’a to’mendegi so’zler kiretug’i’ni’n ko’rsetedi: eng, juda, nihoyat, g’oyat, yanada, obdan, o’ta ha’m t.b.[2]

Avtor bul miynetinde qaraqalpaq, wo’zbek, qazaq tillerindegi ku’sheytiwshi ma’nili so’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’n sali’sti’ri’p izertlegen.

Qaraqalpaq tilinde bul so’zler arnawli’ izertlew obekti bolmag’an.

Bul so’zler tek g’ana qaraqalpaq tilinin’ grammatikasi’nda ayti’li’p, wolar kelbetlik ha’m ra’wish so’z shaqaplari’na tiyisli dep ko’rsetilip, artti’ri’w da’reje dep ataladi’.

Artti’ri’w da’reje zattag’i’ ha’m ha’rekettegi belgini ku’sheytip ko’rsetedi. Sonli’qtan da, wolar kelbetliktin’ artti’ri’w da’rejesi ha’m ra’wishtin’ artti’ri’w da’rejesi dep qabi’l yetilgen.

Al, qaraqalpaq tilinde J.Yeshbaevti’n’ ra’wishke arnalg’an miynetinde bul so’zler ku’sheytiw ra’wishi dep ataladi’. So’z aldi’ qosi’li’wshi’lari’ haqqi’nda A.Bekbergenov qaraqalpaq tilinde ra’wishke arnalg’an maqalasi’nda azi’-kem so’z yetken.[3]

Bul so’zler qaraqalpaq tilinin’ grammatikasi’na arnalg’an miynetlerde kelbetliktin’, ra’wishtin’ artti’ri’w

---

[1] Мергенбаев Е.М. Түркий тиллерде сөз өзгертиў системасы. Нөкис, 1994.
[2] Сонда.
[3] Ж. Ешбаев. Қарақалпақ тилинде рәўиш. Нөкис. 1976.

da’rejesi dep ataladi’. Basqa so’z shaqaplari’nda qollani’lmaydi’ dep ko’rsetiledi. Al, bul so’zlerdi izertlep qarag’anda wolar kelbetlik ha’m ra’wishke qatnasli’ boli’p, belgini ku’sheytiw menen bir qatarda, basqa da so’z shaqaplari’ menen qollani’latug’i’ni’n ko’rdik. Wolar atli’q, feyil, sanli’qlar (a’sirese, ko’birek qatarli’q sanli’qlar) menen kelip so’z ma’nisin ku’sheytedi. A’sirese, kelbetlikler atli’qlasqanda yen’ ***ag’lalari’n, yen’ yerkini*** ha’m tag’i’ basqa. Feyiller menen ***ku’ta’ sharshag’an, wog’i’ri’ sharshasa, ku’ta’ quwandi’q*** ha’m t.b. Sanli’qlar menen yen’ ***birinshi*** ha’m t.b.

Basqa tu’rkiy tillerde bul so’zlerdin’ barli’q so’z shaqaplari’ menen keletug’i’ni’ izertlengen. Al, qaraqalpaq tilinde wolardi’ tek belgini bildiretug’i’n so’z shaqaplari’ kelbetlik ha’m ra’wishke tiyisli artti’ri’w da’reje dep ko’rsetken. Sonli’qtan da, bul tema qaraqalpaq tilinde arnawli’ izertleniwdi talap yetedi.

## I. BAP. Kelbetliktin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwi

Qaraqalpaq tilinde so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler tiykari’nan alg’anda, belgini bildiriwshi kelbetlik, ra’wish ha’m basqa da so’zlerdin’ aldi’nda keledi. So’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler kelbetlikten aldi’n kelgende tiykari’nan belgini artti’ri’p ko’rsetedi. Wolar joqari’dan so’z jasamaydi’, so’zge qosi’msha modalli’q ma’ni berip, bir belginin’ ma’lim ottenkasi’n ashadi’ ha’m hesh qanday sorawg’a juwap bere almaydi’. Wo’zinen son’ kelgen kelbetlik, ra’wish ha’m tag’i’ basqa so’zler menen birgelikte bir ga’p bo’legi funkciyasi’n atqaradi’.

Ku’sheytiwshi so’zlerdin’ bir topari’ tek kelbetlikten aldi’n kelse, yekinshi bir topari’ ra’wish, sonday-aq atli’q, sanli’q, feyillerden aldi’n kelip so’z ma’nisin ku’sheytedi.

Biz bul kurs jumi’si’mi’z tiykarg’i’ material tan’law ushi’n qaraqalpaq tilindegi ko’rkem shi’g’armalardi’n’ tilin tallap qarag’ani’mi’zda so’z ma’nisin ku’sheyttiriwshi so’zler a’sirese, kelbetlik ha’m ra’wishlerden aldi’n kelip, so’z ma’nisin ku’sheytip ko’rsetetug’i’ni’n ani’qladi’q. So’z ma’nisin ku’sheyttiriwshi so’zler basqa da so’z shaqaplari’ aldi’nda kelip qollani’ladi’. Wolar  atli’q, sanli’q, feyil so’zler. Biraq so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler ko’birek kelbetlik ha’m ra’wishler menen qollani’latug’i’nli’g’i’n ko’rkem shi’g’armadan ali’ng’an mi’sallar da’liylledi.

Ku’sheytiwshi so’zler kelbetlikten aldi’n kelgende tiykari’nan belgini artti’ri’p ko’rsetedi. Al, bul  so’zler

ra’wishten aldi’n kelip is-ha’rekettin’ belgisin artti’ri’p ko’rsetedi. Bunda wolar qosi’msha ma’ni bildiredi. Wolar wo’zinen son’ kelgen ra’wishler menen birgelikte feyilge baylani’sadi’. Wolar  ra’wishlerden aldi’n kelip wo’z aldi’na turi’p  bir sorawg’a juwap bere almaydi’.

Tilde zatlardi’n’ tu’r-tu’sin, si’ni’n, si’pati’n, sapasi’n, qa’siyetin, ko’lemin, salmag’i’n ha’m t.b. belgilerin bildiretug’i’n so’z shaqabi’ kelbetlik.

Kelbetlik – bul zatti’n’ belgisin jay, sali’sti’ri’p ha’m artti’ri’p ko’rsetedi. Sonli’qtan kelbetlik basqa so’z shaqaplari’nan da’reje kategoriyasi’ menen aji’rali’p turadi’.

Kelbetliktin’ jay da’rejesi zatqa tiyisli belgini ha’r qi’yli’ si’patlari’n hesh na’rsege sali’sti’rmay yamasa ku’sheytpey jay tu’rde ko’rsetedi. Al,  kelbetliktin’ sali’sti’ri’w da’rejesi zatqa tiyisli belgini sali’sti’ri’p ko’rsetedi. Kelbetliktin’ artti’ri’w da’rejesi zatqa tiyisli belgini artti’ri’p, ku’sheytip ko’rsetedi.

Biz bul jumi’si’mi’zda ko’rkem shi’g’arma tilin tallap qarag’ani’mi’zda, so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler, a’sirese kelbetlik penen qatar qollani’p zattag’i’ belgini artti’ri’p, ku’sheytip ko’rsetetug’i’ni’n ko’rdik. Bulardi’n’ ko’rkem shi’g’arma tilinde to’mendegidey tu’rleri ha’r ta’repleme ko’birek qollani’lg’ani’n ko’remiz. Wolar yen’, *ku’ta’, wog’i’ri’, di’m, wog’ada, ju’da’, asa, nag’i’z* ha’m t.b.

***Yen’*** so’zi – bul so’z ma’nisin ku’sheytiwshi basqa so’zler ishinde ayri’qsha wori’n iyeleydi. ***Yen’*** so’zi ha’zirgi

wo’zbek tilinde ***eng***, uyg’i’r tilinde ***a’n’,*** qazaq tilinde ***yen’***, tu’rkmen tilinde ***in’*** formasi’nda qollani’ladi’.

***Yen’*** so’zi tu’rkiy tillerde bir qi’yli’ belgige iye bolg’an zatlardi’ sali’sti’ri’p zattag’i’ belgi mug’dari’ni’n’ basqalarg’a qarag’anda ko’p, arti’q yekenligin bildiredi. Biz to’mende bul so’zdin’ qollani’li’wi’na mi’sallar keltiremiz.

So’z ma’nisin ku’sheytiwshi bul so’z ha’r qi’yli’ jag’daylarda qollani’ladi’. Wol tiykarg’i’ sapali’q kelbetlikler menen, sonday-aq qatnasli’q kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip te so’z ma’nisin ku’sheytedi.

**1.1. Yen’ + sapali’q kelbetlik**

Mi’sali’: 1. ***Yen’ an’sat*** joli’n aytayi’n ba? – dedi Jaqsi’gu’l. (K.Raxmanov. „Payg’ambar jasi’ndag’i’ ku’yew», 128-bet).

2. Woni’n’ bul tigiliwleri „sen bizin’ u’yge ***yen’ jaqi’n*** adam boli’p qaldi’n’. Muxabbat gu’zari’mi’z ashi’lmaqta» - degen pikirdi an’latqanday boldi’. (K.Ma’mbetov. «Baxti’n’ bolsi’n Ari’wxan», 295-bet).

3. Bu’gin basi’ma ***yen’ mu’shkil*** is tu’sip qaldi’. (K.Ma’mbetov. «Merwert monshaqlar», 267-bet).

4. Al, muhabbat ma’selesi girshiksiz muhabbatqa yerisiw joli’nda ***yen’ biyik, yen’ qi’yi’n*** shoqqi’larg’a qaray ta’wekel yetiw joli’nda bir-birewge ja’rdem qoli’n sozi’w, qollap-quwatlaw, ha’r qi’yli’ muhabbetke basli’ jol ashi’w niyetleri toqtati’li’p, adam aqi’li’n topasli’q jen’ip ha’m jenship taslag’an sekilli (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 73-bet).

Bul mi’sallarda ***yen’*** so’zge sapali’q kelbetliklerdin’ aldi’nda qollani’li’p, so’z ma’nisi ku’sheyttirilip berilgen.

***Yen'*** so'zi yaqut, chuvash tillerinen basqa tu'rkiy tillerdin' barli'g'i'nda ushi'raydi'. Wolar forma jag'i'nan jaqi'n, ma'nisi bir. Mi'sali', azerbayjan tilinde ***a'n*** bo'yu'k, altay tilinde ***a'n'***, i'raak, qi'rg'i'z tilinde ***yen'*** chon', ***a'n'*** i'raq, qumi'q tilinde ***ing-de*** gichchi, nog'ay tilinde ***yen*** uyken**,** ***yen*** kishkey, tatar tilinde ***in'*** yerak, tuva tilinde ***yen'*** i'rak // yen'-ne i'rak, tu'rk tilinde ye***n*** rusur, xakas tilinde ***in*** i'rax, ***in*** chaxsi', shor tilinde  i'rak //  – ne i'rak. Chuvash tilindegi  (***en'*** jaqsi'). Yaqut tilindegi  (***en'*** jaqsi') so'zleri so'zinin' worni'nda qollani'ladi'[1].

Tu'rkiy tilles xali'qlardi'n' jazba yesteliklerinde de ***yen'*** so'zi ha'zirgi ma'nisinde qollani'lg'anli'g'i'n ko'remiz. Mi'sali', ***a'n*** ilki – yen' birinshi, ***an*** wo'n'ra' – yen' a'wele, ***an'*** bashlayu – yen' a'wele.

***Yen'*** so'zinin' etimologiyasi'na na'zer taslag'ani'mi'zda mi'nanday pikirler bar. Atap aytqanda, N.K.Dmitriev bul so'zdin' ha'zirgi tu'rkiy tillerinde ha'm yeski jazba yestelikler tilinde bir-birine jaqi'n forma ha'm bir qi'yli' ma'nilerde qollani'li'wi'n yerte da'wirlerden-aq ha'zirgi ma'nisinde qollani'lg'ani'nan derek beretug'i'ni'n ko'rsetedi[2].

Al, qaraqalpaq tilinde bul so'z ju'da' jiyi wo'nimli qollani'li'p, zattag'i' belgini ku'sheytip ko'rsetedi. Bul pikirimizge da'liyl retinde ko'rkem shi'g'armadan ali'ng'an to'mendegi mi'sallardi' keltiremiz.

---

[1] Хамитова А. Туркий тилларда сўз маъносининг аналитик йўл билан кучайтирилиши. Тошкент, qoir, qy-бет.

[2] Сонда, qy-бет

Mi’sali’:

1. Biraq ta ju’zinin’ ha’r bir belgisi, ha’r bira’jim si’zi’g’i’ menin’ wo’mirimnin’ ***yen’ go’zzal*** ha’m ku’shli gezen’lerin yesime sali’p turatug’i’n senin’ kelbetin’dey kelbet mag’an qaydan tabi’ladi’? ... (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 80-bet).

2. – Bilesiz be, men woni’n’ u’stine ***yen’ jaqi’n*** adami’n g’ana kirgiziwim mu’mkin .... (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 83-bet).

3. Al, usi’ payi’tta pu’tkil planetani’n’ ***yen’ iri*** materiginin’ wortasi’nda haqi’yqi’y ha’siret ju’z berip ati’r (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 267-bet).

4. Men bu’ginligi pu’tkil jer shari’ni’n’ betindegi ***yen’ qi’yamet*** ekologiyali’q apatti’n’ yergeneginde jasap ati’rg’ang’a usayman (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 268-bet).

5. Al bu’ginligi ***yen’ ba’lent*** minberlerden bayli’qti’ maqtap, jarli’li’qti’ jaman deytug’i’n so’zler jan’lap yesitiledi (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 337-bet).

Joqari’da mi’salg’a ali’ng’an ga’plerdegi so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***yen’*** so’zi sapali’q kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip, zattag’i’ belgini artti’ri’p ko’rsetip tur.

Sonday-aq, qaraqalpaq tilindegi ko’rkem shi’g’armalardi’n’ tilinde so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***yen’*** so’zi qatnasli’q kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip zattag’i’

belgini artti’ri’p ko’rsetedi. Ko’rkem shi’g’armalar tilinde jazi’wshi’ bunday so’zlerdi ju’da’ jiyi qollanadi’.

***1.2. Yen’+qatnasli’q kelbetlik.*** Tildegi qatnasli’q kelbetliklerdin’ sapali’q kelbetliklerden sapali’q kelbetliklerden ayi’rmashi’li’g’i’ wolardi’n’ tu’biri basqa so’z shaqaplari’ boladi’ yag’ni’y basqa so’z shaqaplari’nan kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalar arqali’ jan’adan kelbetlik so’z jasaladi’.

Mi’sali’: 1. Ko’pirdin’ yekinshi jag’i’nda Qon’i’ratti’n’ ***yen’ itibarli’*** biyleinen yesaplang’an Qulman biydin’ ha’wlisi. (K.Ma’mbetov. «Bozataw» romani’, 6-bet).

2. Yekewimiz birge bolg’an ku’nlerdi, saatlardi’ wo’mirimnin’ ***yen’ baxi’tli’*** demleri dep sanayman (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 208-bet).

3. ***Yen’ quwani’shli’*** ushi’rasi’wlar nawqas perzentinin’ izinen analari’ kelgende boladi’ (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 148-bet).

4. «Professor» degen so’zdin’ hasli’ ma’nisin yekewi de jetik bilmegen menen, ***yen’ bilimli*** adamlardi’ solay ataytug’i’ni’n tu’sinetug’i’n yedi (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 312-bet).

5. Menin’ ta’nha wo’zim deputatlardi’n’ ***yen’ qi’mbatli’*** waqti’, geyparalardi’n’ siyasiy ma’nsappazli’g’i’na, wo’zin-wo’zi ko’termelewge ha’m jen’il-jelpi sensaciyalarg’a quri’lg’an waqi’yalarg’a jumsali’wi’ni’n’ ta’reptari’ yemespen (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 362-bet).

Bul mi’sallardag’i’ «itibarli’», «baxi’tli’», «quwani’shli’», «bilimli» so’zlerinin’ tu’biri «itibar», «baxi’t», «quwani’sh», «bilim» degen atli’q so’zler. Bul tu’bir so’zlerge kelbetlik jasawshi’ –li’//-li qosi’mtalari’ jalg’ani’p, atli’qtan qatnasli’q kelbetlikler jasalg’an. Son’g’i’ mi’saldag’i’ «qi’mbatli’» so’zinin’ tu’biri «qi’mbat». Bul kelbetlik so’z. Bul jerde kelbetlikten kelbetlik jasalg’an. Sonday-aq, mi’salg’a ali’ng’an bul kelbetliklerdin’ aldi’nda so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***yen’*** so’zi qollani’lg’an. Bul so’z qatnasli’q kelbetlikler menen qatar qollani’li’p belgini ku’sheytip ko’rsetken.

Ko’rkem shi’g’armalar tilinde so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***yen’*** so’zinin’ qatnasli’q kelbetlikler menen qollani’li’wi’ ju’da’ jiyi ushi’rasadi’. Bug’an biz to’mende ko’plegen mi’sallar keltire alami’z. Mi’sali’:

1. Al yendi, menin’she, ha’zirgi a’hmiyetli ma’sele, ***yen’ a’hmiyetli*** ma’sele dese de boladi’ (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 264-bet).

2. Bul yen’ ***ku’shli*** moral, bul adamzatqa ta’n, adamzat ushi’n yen’ ***basli’*** moraldi’n’ biri (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 228-bet).

3. Menin’ woyi’msha, biri-birine tili, da’stu’ri, ma’deniyati’, turmi’s salti’ jaqi’n xali’qlar insaniyat tuwi’sqanli’g’i’ni’n’ da’slepki ashi’q aynasi’, yen’ ***nurli’*** ko’rinisi boli’wi’ kerek (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 236-bet).

4. ***Yen' turaqli'***, kerekli, ilim dep tariyxshi' qa'niygeligin tan'lag'anlarg'a bul jag'day ne degen pa'nt boldi'! (T.Qayi'pbergenov. Qara da'pter, 89-bet).

Bul mi'sallardag'i' «a'hmiyetli», «ku'shli», «basli'», «nurli'», «turaqli'» qatnasli'q kelbetliklerinin' tu'biri atli'q. Bul atli'qlarg'a kelbetlik jasawshi' –li'//-li qosi'mtalari' qosi'li'p, atli'qtan kelbetlik jasalg'an ha'm bul kelbetlikler zattag'i' belgini bildirse, wolardi'n' aldi'nda kelgen ***yen'*** so'zi sol belgini ku'ysheytip ko'rsetken.

So'z ma'nisin ku'sheytiwshi ***yen'*** so'zinin' sapali'q kelbetlikler menen bir qatarda qatlasli'q kelbetlikler menen keliwin joqari'dag'i' mi'sallar da'liylleydi.

Sonday-aq, ***yen'*** so'zi menen kelbetlik wortasi'na ***bir*** so'zi qosi'li'p qollani'li'w jag'daylari' da ushi'rasadi'. Bunda ***bir*** so'zi artti'ri'li'p ati'rg'an belginin' ayri'qsha ku'shli, arti'q yekenligin ko'rsetedi.

***1. Yen'+bir+kelbetlik.***

Mi'sali': 1. ***Yen' bir ashi'narli'*** jeri – bul jerde jasawshi' xali'qti'n' wo'z tog'aylari'n wo'zleri qorg'aw mu'mkinshiliginen ayi'ri'lg'anli'g'i'nan ibarat boldi' (T.Qayi'pbergenov. Woylar ..., Sa'wbetler ..., Ta'shwishler ... 355-bet).

2. Bu'ginligi bolsa pu'tkil du'nyani'n' ***yen' bir aqi'lli'*** baslari' planetami'zdi'n' ***yen' bilgir*** qa'niygeleri woni' apattan qalay ali'p qali'wdi'n' jollari'n qarasti'ri'p ko'rip ati'rg'an sekilli ... (T.Qayi'pbergenov. Woylar ..., Sa'wbetler ..., Ta'shwishler ... 267-bet).

Bul mi’sallarda ***yen’*** so’zi menen kelbetlik wortasi’na ***bir*** so’zi qosi’li’p belgini ja’ne de artti’ri’p ko’rsetken.

Joqari’da ayti’lg’an ***yen’ bir*** so’zlerinin’ birigiwi ko’birek qaraqalpaq ha’m qazaq tilleri ushi’n xarakterli.

***Bir*** so’zinin’ yen’ so’zinen basqa ku’sheytiwshi so’z benen birigip keliwi xarakterli jag’day yemes. Basqa barli’q ku’sheytiwshi so’zler menen sali’sti’rg’anda yen’ so’zi ma’nisi jag’i’nan belgini artti’ri’p ko’rsetiwde aji’rali’p turadi’.

***Yen’*** so’zinin’ qaysi’ so’z shaqabi’na tiyisli yekenligi haqqi’nda da tarti’sli’ ha’r qi’yli’ pikirler bar. Atap aytqanda, A.Borovkov[1] ko’mekshi, P.A.Azimov prefiks[2], N.K.Dmitriev, N.A.Baskakov, E.Nadjip, A.T.Kaydarov[3], V.Kotvich[4] ra’wish, A.N.Kononov[5], G’.Musabaev, A.I’sqaqov, Z..Marufovlar ku’sheytiwshi so’z dep qaraydi’[6].

***Yen’*** so’zi ani’q bir ma’ni bildirmeydi, abstrakt grammatikali’q ma’ni bildiredi. Qosi’msha emocional, modal ottenka beredi. Ha’rekettin’ yemes, predmet belgisinin’ belgisin ashadi’, so’z jasamaydi’. Basqa so’zlerge qarag’anda ju’da’ wo’nimli qollani’ladi’. Bul so’z buri’nnan-aq ku’sheytiwshi so’z si’pati’nda qollani’li’p, konkret tillerde fonetikali’q varianti’ joq tiykarg’i’ so’zden aldi’n keledi.

---

1 Боровков А. Учебник уйгурского языка. М., qoet, y0-yt-бетлер.

2 Азимов П.А. Префиксация в туркменском языке. Ашхабад, qore, w0-бет.

3 Кайдаров А. Краткий грамматический очерк уйгурского языка. Алма-Ата, qoyq.

4 Котвич В. Исследования по алтайским языкам. М., qoyw, eqe-бет.

5 Кононов А.Н. Грамматика современного турецкого языка. М-Л., qoty, qto-бет.

6 Хамитова А. Туркий тилларда сўз маъносининг аналитик йўл билан кучайтирилиши. Тошкент, qoir, qwe-бет.

Sonday-aq, yen’ so’zi kelbetliktin’ tu’r-tu’s bildiriwshi tu’rlerinen basqa barli’q tu’rlerinde belgini ku’sheytiwdi ko’rsetiwde wo’nimli qollani’ladi’.

***Ju’da’*** so’zi wo’zbek, tu’rkmen sonday-aq, qaraqalpaq tilinde uluwma so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’z boli’p yesaplanadi’. Bul tillerde kelbetliktin’ aldi’nda kelip, kelbetliktin’ belgisin basqalardan ku’sheytip ko’rsetedi.

Qaraqalpaq tilinde bul so’zdin’ ***ju’da’, ju’da’ma*** variantlari’ qollani’ladi’. Tu’rkmen tilinde bolsa bul so’z ***ji’do*** formasi’nda ayti’li’p, ***juda*** tu’rinde jazi’ladi’. ***Ju’da’*** so’zi wo’zbek tilinde yen’ wo’nimli, al tu’rkmen tilinde bolsa az qollani’ladi’. Tu’rkmen tilinde qaraqalpaq tilindegi ***ju’da’*** so’zinin’ funkciyasi’n, ko’binese, ***wo’ra’n, in’n’a’n, gati’*** so’zleri atqari’p keledi. Basqa tu’rkiy tillerinde ***ju’da’*** so’zi ku’sheytiwshi so’z xi’zmetin atqarmaydi’. Bul so’z qaraqalpaq tilinde kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip, zattag’i’ belgini ku’sheytip ko’rsetiwde wo’nimli qollani’ladi’.

***1.3. Ju’da’+sapali’q kelbetlik.***

Mi’sali’: 1. Tatyana apa a’dewir qartayi’pti’. Solay bolsa da ***ju’da’ quwnaq***. (K.Ma’mbetov. «Moskvadan kelgen qi’z», 187-bet).

2. Qarap tursan’ ju’da’ qi’zi’q ju’k mashinasi’ barlar ati’z basi’na bari’p woni’ jetistirgen diyxannan iytmuti’g’a tonnalap sati’p aladi’ da bazarg’a a’keledi. (K.Raxmanov. «Payg’ambar jasi’ndag’i’ ku’yew», 44-bet).

3. Xatqa qarag’anda ***ju’da’ tati’w*** semya yeken (T.Qayi’pbergenov. Uyqi’si’z tu’nler, 386-bet).

4. Woylani’p qarasam ha’r kim i’g’i’ma ji’g’i’li’p kewlimdi alg’an sayi’n ***ju’da’ na’zik*** ko’kirek, ji’layman boli’p barati’rg’andayman (T.Qayi’pbergenov. Uyqi’si’z tu’nler, 392-bet).

5. … Yembergen! Yendi sen ***ju’da’ jaman*** xat woqi’ysan’ (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 185-bet).

6. Uri’sqa ko’p adamlar ketkeni sebepli ha’r kimde mashqala ko’beyip yekew-u’shewden worni’nda jumi’sbasti’ bolsa da, kishkene Svetlana to’rt adamni’n’ di’qqati’nda awi’rmay, si’zlamay, ***ju’da’ shaqqan*** qi’z boli’p wo’se berdi …. (T.Qayi’pbergenov. Ta’nha’ wo’zin’e ma’lim si’r, 53-bet).

7. ***Ju’da’ a’piwayi’*** mi’sal keltirip woti’rg’ani’ma keshirim sorayman (T.Qayi’pbergenov. Woylar …, Sa’wbetler …, Ta’shwishler … 250-bet).

8. Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ to’rtten biri bolsa alpi’s ji’lli’q torqali’ toyi’n virusli’ gepatit penen ku’tip aldi’, woni’n’ ushi’n ***ju’da’ awi’r*** bolg’an saylaw aldi’ gu’res mapazi’nda wo’z saylawshalari’ menen ushi’rasi’wg’a yemlewxanadan qatnap ju’rdi (T.Qayi’pbergenov. Woylar …, Sa’wbetler …, Ta’shwishler … 253-bet).

9. Bul ***ju’da’ u’lken*** tema, a’ne usi’ bag’darda yele de ko’p jan’a shi’g’armalardi’ ku’tiwge boladi’. (T.Qayi’pbergenov. Woylar …, Sa’wbetler …, Ta’shwishler … 334-bet).

Mi’salg’a ali’ng’an ga’plerdegi ***ju’da’*** so’zi sapali’q kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip zattag’i’ belgini ku’sheytip ko’rsetken.

Tilde ku’sheyttiriwshi ma’ni beretug’i’n bul so’z qatnasli’q kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip te so’z ma’nisin ku’sheytedi.

***1.4. Ju’da’+qatnasli’q kelbetlik.***

Mi’sali’: 1. U’yde bir kostryul pal boli’p, ***ju’da’ izzetli*** qonaqlar kelgende g’ana shaqi’ri’ladi’ yeken. (K.Ma’mbetov. «Baxti’n’ bolsi’n, Ari’wxan» 295-bet).

2. Vera ***ju’da’ quwani’shli’***, dizilgen aq monshaqtay tisleri ji’lti’rap, anasi’ni’n’ moyni’nda bir buket janli’ aq gu’ldey boli’p ketti (T.Qayi’pbergenov. Uyqi’si’z tu’nler, 366-bet).

3. Jasi’nda ***ju’da’ bolasi’nli’*** qi’z bolsa itimal, ha’zir de anaw-mi’naw yemes, qalani’ qaq ayi’ri’p kiyati’r. (K.Raxmanov. «Payg’ambar jasi’ndag’i’ ku’yew», 45-bet).

4. Ag’am bunday jumi’sta ***ju’da’ ta’jiriybeli*** adam yedi. (K.Ma’mbetov. «Merwert monshaqlar», 267-bet).

5. Ma’deniyati’mi’zdan ayi’ri’m da’stu’rlerdin’ jog’ali’p barati’rg’ani’ men ushi’n ***ju’da’ wo’kinishli***, so’ytse de bul processti irkip bolmasa kerek (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 259-bet).

6. Biraq anani’n’ kewlinin’ tog’i’ da usi’ qi’zlari’: mektepte jaqsi’ woqi’g’an, mug’allimleri ***ju’da’ intali’*** qi’zlar dep maqtaytug’i’n bolg’an (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 314-bet).

7. Wol wo’zine ***ju’da’ isenimli***, saldamanli’ tu’rde yedi (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 315-bet).

Joqari'da itibarg'a ali'ng'an so'z ma'nisin ku'sheytiwshi ***ju'da'*** so'zi qatnasli'q kelbetliklerdin' aldi'nda qollani'lg'an.

***3. Ju'da'+birikken kelbetlik***.

Mi'sali': 1. Bul jer ***ju'da'*** xoshu'rey (T.Qayi'pbergenov. Suwi'q tamshi', 412-bet).

***4. Ju'da'+quramli' kelbetlik***.

Mi'sali': 1. Son'g'i' gezde, a'kesi Ataxanni'n' qashqi'n yekenin kolxozshi'lardi'n' birazi' biletug'i'ni'na ko'zi jetken A'met ***ju'da' til alg'i'sh***, hesh kim menen qarsi'laspaytug'i'n mo'min boli'p qalg'an yedi (T.Qayi'pbergenov. Sekretar, 344-bet).

2. Woni'n' kiyimleri ***ju'da' qi'mbat bahali'*** yedi. (K.Ma'mbetov. «Merwert monshaqlar», 261-bet).

***Ju'da'*** so'zi zattag'i' belgini ja'ne de bo'rttirip, ku'sheytip ko'rsetiw maqsetinde to'mendegishe qollani'ladi'.

***5. Ju'da'+bir+kelbetlik.***

Mi'sali': Adamlardi'n' ko'pshiligi soni'n' menen bizin' jumi'si'mi'zdi' ***ju'da' bir qi'yqi'm***, pa's jumi's dep biledi (T.Qayi'pbergenov. Suwi'q tamshi', 415-bet).

Bul mi'salda ku'sheytilgen belginin' ku'shli yekenligi ayri'qsha ko'rsetilgen. Bunda ga'p jumi'sti'n' ju'da' bir mayda, qi'yqi'm yekenligi haqqi'nda ayti'lg'an.

Sonday-aq, tilde ju'da' so'zine belgini ja'ne de ku'sheytiw maqsetinde ***ha'm*** qosi'li'p qollani'ladi'.

***5. Ju'da'+ha'm+kelbetlik***.

Mi'sali': 1. Yeger sol ha'meldardi'n' ko'zin bag'i'rayti'p qoyi'p juwapkershilikke tartqanda, basqa ha'meldarlarg'a sabaq bolg'an bolar yedi – biraq wolay islenbedi, shamasi'

wol ha'meldarlardi'n' stoli' ***ju'da' ha'm biyik*** bolsa kerek ya «ag'asi'» ku'shli bolsa kerek. (T.Qayi'pbergenov. Woylar ...,Sa'wbetler ...,Ta'shwishler ...327-bet).

2. Aral boylari'ni'n' xalqi'na jedel ja'rdem kerek, sebebi awhal ***ju'da' ha'm awi'r*** (T.Qayi'pbergenov. Woylar ..., Sa'wbetler ..., Ta'shwishler ... 283-bet).

Bul mi'sallarda zattag'i' belgi ***ju'da'*** ku'sheytirilip berilgen. Sonday-aq, so'z ma'nisin ku'sheytiwshi ***ju'da'*** so'zi awi'zeki so'ylew tilinde ***ju'da'ma'*** tu'rinde jiyi qollani'ladi'.

***5. Ju'da'ma'+kelbetlik***.

Mi'sali': ...Men de yele sen biyxabar u'lken jan'ali'q bar ... Keleshegimiz ***ju'da'ma' jaqti'*** (T.Qayi'pbergenov. Qara da'pter, 205-bet).

Qaraqalpaq tilinde basqa tu'rkiy tillerinde ku'sheytiwshi so'z ma'nisinde qollani'lmaytug'i'n ***ku'ta'*** so'zi kelbetliklerdin' aldi'nda kelip so'z ma'nisin ku'sheytedi. Wolar sapali'q, qatnasli'q kelbetliklerdin' ha'm basqa da so'zlerdin' aldi'nda kelip so'z ma'nisin ku'sheytedi. Biz to'mende wolardi'n' ha'r birine ayi'ri'm toqtaymi'z.

***1.5. Ku'ta'+sapali'q kelbetlik***.

Mi'sali': 1. Woni'n' «kete ber» degeni de Atamuratqa ***ku'ta'*** na'zik ha'm mehirli yesitilip, ketkisi kelmese de wo'zin zorlap a'sten shi'qti' (T.Qayi'pbergenov. Sekretar, 337-bet).

2. – Sen tuwrali' ***ku'ta' jaqsi'*** ga'pler yesitip ati'rman (T.Qayi'pbergenov. Sekretar, 337-bet).

3. Wol ***ku'ta' sum*** yedi-da'! (T.Qayi'pbergenov. Sekretar, 350-bet).

4. Wol maqullag’an isharat penen basi’n iyzep, ***ku’ta’ mayda*** qa’demler menen wo’limsirep ju’rip, bes ju’z metrdey jerge bardi’ (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 357-bet).

5. Wo’zi ***ku’ta’ samsam*** jigit yeken – dep Ayzada gu’rk yetti (T.Qayi’pbergenov. Uyqi’si’z tu’nler, 383-bet).

Joqari’dag’i’ mi’sallarda itibarg’a ali’ng’an bul so’zler qaraqalpaq tilindegi so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***ju’da’*** so’zi menen qatar qollani’ladi’. Bul mi’sallardag’i’ so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***ku’ta’*** so’zinin’ worni’na ***ju’da’*** so’zin qollansaqta boladi’. Wolardag’i’ ma’ni wo’zgermeydi. So’z ma’nisin ku’sheytiwshi bul so’z qaraqalpaq tilinde wo’nimli qollani’ladi’. Bul pikirimizdi biz ko’rkem shi’g’armalardan ali’ng’an mi’sallar menen da’liylleymiz.

Mi’sali’: 1. Wolardi’n’ i’layi’q pisik bolg’ani’ ushi’n gerbishleri ***ku’ta’ bekkem*** yeken, mi’n’q yetpedi (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler ..., Ta’shwishler ... 307-bet).

2. Adam balasi’ ***ku’ta’ qi’yi’n*** awhalda qalsa, wog’an da’rhal ja’rdem ko’rsetiw ha’r bir insanni’n’ pari’zli’ isi yemes pe? (T.Qayi’pbergenov. Woylar..., Sa’wbetler..., Ta’shwishler... 309-bet).

3. Aral a’tirapi’nda awhal ***ku’ta’ awi’r*** (T.Qayi’pbergenov. Woylar..., Sa’wbetler..., Ta’shwishler... 377-bet).

***1.6. Ku’ta’+qatnasli’q kelbetlik***. Bul so’z qatnasli’q kelbetlikler menen de jiyi qollani’li’p so’z ma’nisin artti’ri’p, ku’sheytip keledi.

Mi’sali’: 1. Sizlerdin’ tarti’si’n’i’z ***ku’ta’*** wori’nli’ dep ku’ldi wol (T.Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet, 275-bet).

2. ***Ku’ta’ sumli’qli’*** yedi (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 347-bet).

3. -Ha’, jan’a yesine tu’sti, wol kisi bir qarag’an adamg’a awi’r, ko’zge suwi’q ko’ringen menen, ***ku’ta’ kewilli***, haqi’yqatti’n’ adami’ yedi (T.Qayi’pbergenov. Uyqi’si’z tu’nler, 395-bet).

4. Sen si’rttan qarag’anda ***ku’ta’ sabi’rli’*** ko’ringen menen, jan sezimlerin’ geyde burqasi’nlap, geyde u’mitsizlik jag’dayg’a tu’sedi (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 179-bet).

5. Bunday wori’nlar serppe duzaq quri’wg’a ***ku’ta’ qolayli’*** bolatug’i’n yedi (T.Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet, 264-bet).

6. Ag’am ***ku’ta’ woyli’*** (T.Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet, 277-bet).

***3. Ku’ta’+bir+qatnasli’q kelbetlik***.

Belgili ja’ne de ku’sheytip ko’rsetiw maqsetinde ***bir*** so’zi qollani’ladi’.

Mi’sali’: Si’rttan qatal ko’ringen na’wbetshi hayal ***ku’ta’ bir rehimshil*** adam yeken (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 84-bet).

Sonday-aq, tilde so’z ma’nisin ku’sheytiwshi ***ku’ta’*** so’zi menen qatar ***g’ana*** so’zi de qollani’li’p, belgini ju’da’ ku’sheytip ko’rsetedi.

***4. Ku’ta’+g’ana+kelbetlik***.

Mi’sali’: 1.– Aysha qarag’i’m jap-jas bolatura ***ku’ta’ g’ana*** qatal ko’rinesen’ (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 149-bet).

2. Bir-birewge mehir beriwde, a’sirese, muhabbette jibergen qa’teliklerin’di keshiriwshi adamlar ***ku’ta’ g’ana siyrek*** (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 209-bet).

3. Wo’ytkeni, bul ***ku’ta’ g’ana qolayli’*** ani’qlama (T.Qayi’pbergenov. Woylar…, Sa’wbetler…, Ta’shwishler… 344-bet).

***Wog’ada so’zi***. Qaraqalpaq tilinde so’z ma’nisin, ku’sheytiwshi so’z. ***Wog’ada*** so’zi kelbetliklerdin’ aldi’nda kelip, so’z ma’nisin ku’sheytiwde wo’nimli qollani’ladi’.

***1.7. Wog’ada+kelbetlik***.

Mi’sali’: 1. A’mettin’ birden ashi’wlani’wi’ ***wog’ada wori’nsi’z*** tu’yilse de, Temirxan ata wog’an renjimegenin sezdirmedi (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 324-bet).

2. Negizinde bunday kitaplardi’ shi’g’ari’w bizin’ jag’daylari’mi’zda balalardi’n’ rus tilin u’yreniwi ushi’n ***wog’ada qolayli’*** yedi (T.Qayi’pbergenov. Woylar…, Sa’wbetler…, Ta’shwishler… 352-bet).

3. Sonda men senin’ ketiwin’ kerekligin ma’jbu’riy yekenine isensem de, mag’an sensiz jekke qali’w ***wog’ada awi’r*** ha’m qorqi’ni’shli’ ko’rindi … (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 149-bet).

4. Men wolarg’a: «Ayti’n’i’zshi’, sizler qi’zi’l ko’ylekli, buri’mlari’ uzi’n, ***wog’ada uzi’n*** Aysha menen bir qi’zdi’

ko’rmedin’iz be?« deymen (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 160-bet).

5. ***Wog’ada suli’w***, da’l sag’an usag’an perzent du’nyag’a keledi (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 196-bet).

6. Teren’ ma’deniyat ha’m ku’shli isenimler – moda yemes, ma’deniyat adamni’n’ jani’nda jasaydi’, woni’ xali’qti’n’ ruwhi’y bayli’qlari’ni’n’ ***wog’ada u’lken*** materigi menen baylani’sti’radi’ (T.Qayi’pbergenov. Woylar…, Sa’wbetler…, Ta’shwishler… 228-bet).

7. Tili, da’stu’ri ***wog’ada jaqi’n***, tu’birles xali’qpi’z (T.Qayi’pbergenov. Woylar…, Sa’wbetler…, Ta’shwishler… 237-bet).

8. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ***wog’ada bay*** folklorli’q g’a’ziynesin ji’ynadi’ (T.Qayi’pbergenov. Woylar…, Sa’wbetler…, Ta’shwishler… 241-bet).

Joqari’dag’i’ mi’salg’a ali’ng’an so’z so’z ma’nisin ku’sheytip, belgini artti’ri’p ko’rsetken.

Sonday-aq, qaraqalpaq tilinde ***wog’i’ri’ so’zi*** so’z ma’nisin ku’sheytip keledi.

***1.8. Wog’i’ri’+kelbetlik***.

Mi’sali’: 1. Miynetti jaqsi’ ko’resen’, a’ne bul jaqsi’, ***wog’i’ri’ jaqsi’***! (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 312-bet).

2. Ha’mmege ma’lim bolg’ani’nday, mektepte bilim beriwdin’ de, densawli’qti’ saqlawdi’n’ da jag’dayi’ ***wog’i’ri’ to’men*** (T.Qayi’pbergenov. Woylar…, Sa’wbetler…, Ta’shwishler… 356-bet).

3. –Apam ***wog’i’ri’ puxta***! (T.Qayi’pbergenov. Ta’nha’ wo’zin’e ma’lim si’r, 35-bet).

4. Kelin ***wog'i'ri' aqi'lli'*** ko'rinedi (T.Qayi'pbergenov. Ta'nha' wo'zin'e ma'lim si'r, 39-bet).

5. Shi'ni'nda wonday yetip jazi'w ***wog'i'ri' qi'yi'n*** (T.Qayi'pbergenov. Qara da'pter, 112-bet).

6. Bizin' xalqi'mi'z u'lken wo'zgeshelikke iye, ***wog'i'ri' ma'rt*** xali'q (T.Qayi'pbergenov. Qara da'pter, 171-bet).

Bul mi'sallardi' ***wog'i'ri'*** so'zi sapali'q ha'm qatnasli'q kelbetliklerdin' aldi'nda kelip, so'z ma'nisin ku'sheytip tur.

***1.9. Asa so'zi***. Sapali'q, qatnasli'q kelbetliklerge qosi'li'p kelip, kelbetliktegi belginin' normadan ko'p, arti'q yekenligin bildiredi. Wolar tu'r-tu's belgilerin ku'sheytiwde derlik qatnaspaydi'.

***Mi'sali'***: 1. Bul tog'aylar taza hawani'n', kislorodti'n' deregi yedi g'oy, i'zg'ardi' saqlap jerdin' qunari'n ketirmey kiyati'rg'an ***asa qi'mbatli'*** bayli'g'i'mi'z yedi g'oy! (T.Q. Woylar..., Sa'wbetler..., Ta'shwishler..., 336-b.).

Bul so'z ga'pte kelbetliktin' aldi'nda kelgende belginin' belgisin ashadi', qosi'msha ma'ni bildiredi.

***1.10. A'bden so'zi***. Bul so'z wo'zbek, uyg'i'r tillerinde ***wbdon***, qazaq qaraqalpaq tillerinde ***a'bden*** formasi'nda qollani'li'p, bul so'z belgini ku'sheytip keledi. Bizin'she, bul ta'jik parsi' tilindegi ***wobo don*** so'zi menen uli'wmali'qqa iye bolsa kerek. Ha'zirgi qi'rg'i'z tilindegi ***yesa abdan*** so'zi kelbetliktin' belgisin ku'sheytedi.[1] Bul so'z ha'zirgi uyg'i'r tilinde ***jaqsi'*** so'zinin' ma'nisin beredi. Lekin uyg'i'r ha'm tu'rkmen tilinde bul so'z kelbetliktin' belgisin ku'sheytip kelmeydi. Ha'zirgi wo'zbek, qazaq, qaraqalpaq tillerinde

---

[1] Уметалиева Б.Д. Имя прилагательное в современном киргизском язkе Фрунзе, 1965, 136-б.

ko'binese kelbetliklerdin' ma'nisin ku'sheytiw wazi'ynasi'n atqaradi'.

Mi'sali': 1. A'kesi fermada islep, wo'zi menen tog'ayg'a ko'p ma'rtebe apari'p u'yretkenlikten, wog'an awi'l aynalasi'ndag'i' tog'ay ***a'bden tani's*** (T.Qayi'pbergenov. Sekretar, 321-b.)

***1.11. Di'm so'zi.*** Wo'zbek tilinde ***tim***, uyg'i'r tilinde ***tom//tum***, qazaq tilinde ***ti'm//di'm***, tu'rkmen tilinde ***di'm***, qaraqalpaq tilinde ***di'm*** tu'rinde qollani'ladi'. Bul so'z tu'rkiy tillerde tiykari'nan qara kelbetliginin' qarali'q belgisinin' ku'shliligin, wo'tkirligin bildirip keledi.

Wo'zbek tilinde M.Sodiqova ***Tim*** so'zi qara ren'di bildiriwshi kelbetlik penen baylani'sadi'[2] deydi. Bul so'z ha'zirgi wo'zbek tilinde tek ***qara*** kelbetligi ha'm qaradan jasalg'an bir neshe so'zlerdin' g'ana belgisin ku'sheytip ko'rsetedi.

Bul so'z qaraqalpaq tilinde kelbetlik penen qatar kelip wondag'i' belgini ku'sheytedi.

Mi'sali': 1. Wo'zi qawi'n yegiwge ***di'm teperish*** (T.Qayi'pbergenov. Mug'allimge raxmet, 247-bet).

2. Usi' ***di'm haq*** ga'p. (K. Ma'mbetov. "Baxti'n' bolsi'n Ari'wxan", 289-bet).

3. Jigit penen jigit so'yleskendey ne bolsa ba'rin bu'kpey ayti'si'p kete beretug'i'n yedik g'oy. ***Di'm ashi'q minezli*** qi'z yedi. (K.Raxmanov. "Payg'ambar jasi'ndag'i' ku'yew", 99-bet).

[2] Содиқова М. Ҳозирги ўзбек тилида сифат. Тошкент, 1974, 103-бет.

Bul so’z awi’z yeki so’ylew tilinde ko’p qollani’ladi’. Sonday-aq, bul so’z kelbetlikler menen qatar kelip, belgini ku’sheytiwde ***g’ana*** so’zi de qosi’li’p keletug’i’n jag’daylari’ bar.

***Di’mg’ana kelbetlik***.

Mi’sali’: 1. Geypara adamlardi’n’ wo’zine-o’zi jani’ qasli’q qi’li’p wo’ltirgisi keletug’i’ni’ mag’an ***di’m g’ana tu’siniksiz*** (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 175-bet).

2. Barli’q isin’ ***di’m g’ana isenimli*** (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 200-bet)

Bul mi’sallarda zattag’i’ belgini yele de ku’sheytip ko’rsetiw maqsetinde ***di’m*** so’zi menen qatar g’ana so’zi qollani’lg’an.

Awizeki so’ylew tilinde, sonday-aq, ayirim ko’rkem shig’armalarda kelbetlik so’zlerdin’ ma’nisin ku’sheytiw ushin ***qatti*** so’zi de qollaniladi:

1. Seytkamal ***qatti diyxan*** adam yeken,- dedi Baynazar ag’a. (K.Raxmanov. «Payg’ambar jasindag’i ku’yew», 69-bet).

Zatqa, na’rsege tiyisli belginin’ arti’qli’g’i’n, joqari’, ba’lentligin ko’rsetiwde morfologiyali’q usi’l arqali’ so’zler to’mendegishe qollani’ladi’. Si’ndi’, si’patti’ ha’m tag’i’ basqa belgilerdi bildiriwshi so’zlerdin’ birinshi buwi’ni’ni’n’ son’g’i’ ha’ribinin’ worni’na «p» dawi’ssi’z sesi qollani’li’p so’z ma’nisi ku’sheytiledi.

Mi’sali’: 1. Qarasa, tu’ngi a’jeldey go’legeylep qap-qara birew kiyati’r (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 361-bet).

2. ***U’p-u’lken*** adamlardi’n’ yele kelise almay ju’rgenligi meni hayran qaldi’ratug’i’n yedi (T.Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet, 267-bet).

3. Shetlerinde nag’i’si’ bar, ***sup-suli’w*** (T.Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet, 286-bet).

4. Mag’an da ***ap-an’sat*** da’liyl tabi’ldi’ (T.Qayi’pbergenov. Mug’allimge raxmet, 289-bet).

5. İsine ***pup-tuxta.*** (T.Qayi’pbergenov. Sekretar, 309-bet).

6. Solay yetip, bizin’ ***kep-ken’*** jerlerimizdi paxta monokulturasi’ iyelep aldi’. (T.Qayi’pbergenov. Woylar ..., Sa’wbetler..., Ta’shwishler..., 350-bet).

7. İshi ***qap-qaran’g’i’*** uzi’n tunneldi ko’z aldi’n’a keltir. (T.Qayi’pbergenov. Qara da’pter, 203-bet).

8. Bolmasa jaylardi’n’ ***a’p-a’nedey*** diywallari’ da buzi’li’p, qaytadan sali’na ma? (T.Qayi’pbergenov. Woylar..., Sa’wbetler..., Ta’shwishler...231-bet).

# JUWMAQ

Tu’rkiy tillerde so’z ma’nisin ku’sheytiw ushi’n buri’nnan-aq analitikali’q usi’l ha’m bul usi’ldi’n’ tiykarg’i’ formalari’ bolg’an so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler qollani’li’p kelgen.

Ha’zirgi tu’rkiy tillerinin’ barli’g’i’nda ku’sheytiwshi so’zler wo’nimli qollani’ladi’. So’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwinde so’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler ayri’qsha wori’n iyeleydi.

So’z ma’nisin ku’sheytiwshi so’zler tildin’ tu’rli tarawlari’nda tu’rlishe stilistikali’q maqsette paydalani’ladi’.

Ku’sheytiwshi so’zler sapali’q kelbetliklerdin’ barli’q semantikali’q tu’rlerinin’ belgisin ku’sheytip keliw menen birge, qatnasli’q kelbetliklerdin’ belgisin artti’ri’p, ku’sheytip keliw de wo’nimli qollani’ladi’. Bunda sapali’q ha’m qatnasli’q kelbetliklerdin’ belgisin ku’sheytiwde ***yen’, yen’+bir, ju’da’, ju’da’+bir, ju’da’+ha’m, ju’da’ma’, ku’ta’, ku’ta’-bir, ku’ta’-g’ana, wog’ada, wog’i’ri’, asa, a’bden, di’m, di’m+g’ana*** so’zleri menen qatar si’ndi’, si’patti’ ha’m tag’i’ basqa belgilerdi bildiriwshi so’zlerdin’ birinshi buwi’ni’ni’n’ son’g’i’ ha’ribinin’ worni’na “p” dawassi’z sesi qollani’li’p so’z ma’nisi ku’sheytiledi ha’m artti’ri’w da’reje jasaydi’.

Mi’sali’, ***yen’ awi’r, yen’ go’zzal, yen’ baxi’tli’, yen’ ku’shli, yen’ bir aqi’lli’, ju’da’ saz, ju’da’ bir qi’yqi’m, ju’da’ ha’m biyik, ju’da’ma’ jaqti’, ku’ta’ na’zik, ku’ta’ bir ra’himshil, ku’ta’ g’ana qatal, wog’ada qolayli’, wog’i’ri’***

***jaqsi', asa qi'mbatli', a'bden tani's, di'm teperish, di'm g'ana isenimli, u'p-u'lken adam, kep-ken', u'p-u'lken*** ha'm t.b.

So'z ma'nisin ku'sheytiwshi so'zler belginin' belgisin ku'sheytip ko'rsetedi. Wo'zlerinin' atqaratug'i'n xi'zmetine qaray ku'sheytiwshi so'zlerdi u'sh toparg'a bo'liwge boladi':

a) kelbetlikten aldi'n kelgen waqi'tta g'ana belginin' belgisin ku'sheytiw wazi'ypasi'n atqaratug'i'n ku'sheytiwshi so'zler. Basqa waqi'tta bunday so'zler jeke ma'ni an'latadi';

b) wo'zleri jeke so'z, lekin belginin' belgisin bildiriwshi, qosi'msha ma'ni beriwshi ku'sheytiwshi so'zler;

v) jeke turg'anda belgili ma'ni an'lata almaytug'i'n ku'sheytiwshi so'zler.

So'z ma'nisin ku'sheytiwshi so'zler ra'wishtin' aldi'nda kelip, bunda is-ha'rekettin' belgisin, bo'rttirip, artti'ri'p ko'rsetedi ha'm artti'ri'w da'reje jasaydi'. Wolar ko'binese ra'wishtin' ma'nisi boyi'nsha tu'rleri waqi't, si'n, wori'n, mug'dar-da'reje ra'wishlerinin' belgisin ku'sheytiwde wo'nimli qollani'ladi'. Wolar ***wog'ada, wog'i'ri', ju'da', ju'da' g'ana, ju'da' ha'm, ku'ta', yen'*** awi'zeki so'ylew tiline ta'n ***di'm, asa, yaman//yamasa*** ha'm tag'i' basqa so'zler. Mi'sali', ***wog'ada az, ag'i'ri' kem, ju'da' ko'p, ju'da' g'ana jaqsi', ju'da' ha'm ko'p, ku'ta' yerte, yen' da'slep, di'm ko'p, asa itibar*** tag'i' basqa.

So'z ma'nisin ku'sheytiwshi so'zler barli'q so'z shaqaplari'na tiyisli so'zlerdin' aldi'nda kelip so'z ma'nisin artti'ri'p keledi. Wolar a'sirese, kelbetlik ha'm ra'wishlerdin' belgisin ku'sheytip keledi ha'm artti'ri'w da'reje jasaydi'.

Sonli’qtan da, kurs jumi’si’mi’zda barli’q so’z shaqaplari’na toqtamay, tek g’ana wo’nimli qollani’latug’i’n yag’ni’y kelbetlik ha’m ra’wishtin’ belgisin ku’sheytiwde ko’p qollani’latug’i’n so’z ma’nisin ku’sheytiwshis wo’zler haqqi’nda tallaw jasadi’q. Teoriyali’q pikirimizdi a’meliy jaqtan da’liyllew ushi’n ko’rkem shi’g’armalardan mi’sallar keltirdik.

Solay yetip, kurs jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tilindegi so’z ma’nisinin’ analitikali’q jol menen ku’sheyttiriliwin tallaw arqali’ to’mendegishe juwmaqqa keldik.

Ku’sheytiwshi so’zler a’wel qaraqalpaq tilinin’ ishki imkaniyati’, son’ basqa tiller ta’sirinde bayi’p baradi’.

Ku’sheytiwshi so’zlerdin’ bazi’lari’ tek kelbetliktin’ belgisin ku’sheytse, bir topari’ ha’m kelbetlik ha’m feyil belgilerinde ku’sheytedi ha’m tu’rli ma’ni ottenkalari’n beredi. Wolardi’n’ birewleri wo’nimli, ayi’ri’mlari’ wo’nimsiz qollani’ladi’. Lekin wolardi’n’ ha’r biri wo’z worni’na iye.

Uluwma aytqanda, qaraqalpaq tilinde bir qi’yli’ belginin’ ko’p, arti’q, ku’shli yekenligin ko’rsetiwshi ma’ni ha’m stillik belgilerdi toli’q an’latatug’i’n so’z ma’nisin ku’sheytip artti’ri’w da’rejesin jasaytug’i’n so’zler belgili worni’na iye.

Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Азимов Я.А. Префиксация в туркменском языке. Ашхабад, 1943.
2. Боровков А. Учебник уйгурского языка. М., 1935.
3. Дмитриев Н.К. Грамматика башкирского языка. М-Л., 1948.
4. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилинде рәўиш. Нөкис. 1976.
5. Кононов А.Н. Грамматика современного турецкого языка. М-Л., 1956.
6. Кайдаров А. Краткий грамматический очерк уйгурского языка. Алма-Ата, 1961
7. Котвич В. Исследования по алтайским языкам. М., 1962.
8. Қарақалпақ тил билиминиң әҳмийетли мәселелери. Нөкис, 1995.
9. Қарақалпақ тил билиминиң тарийхы. Нөкис, 2001.
10. Мусабаев Ж. Қазақ тилиндеги сын есимниң шырайлары. Алматы, 1951.
11. Мергенбаев Е.М. Түркий тиллерде сөз өзгертиў системасы. Нөкис, 1994.
12. Насыров Д.С., Бекбергенов А., Жәримбетов А. Русша-қарақалпақша лингвистикалық терминлер сөзлиги. Нөкис, 1992.
13. Содиқова М. Ҳозирги ўзбек тилида сифат. Тошкент, 1974.
14. Уметалиева Б.Д. Имя прилагательное в современном киргизском языке. Фрунзе, 1965.

15. Ҳамитова. А. Туркий тилларда сўз маъносининг аналитик йўл билан кучайтирилиши. Тошкент, 1984.
16. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994.

## Көркем шығармалар

1. Қайыпбергенов Т. Шығармалары бес томлық, 5-том. Нөкис, Қарақалпақстан, 1980.
2. Қайыпбергенов Т. Тәнҳә өзиңе мәлим сыр. Нөкис, Қарақалпақстан. 1982.
3. К.Мәмбетов. Бозатаў. Нөкис, 1989.
4. К.Рахманов. Пайғамбар жасындағы күйеў. Нөкис.”Қарақалпақстан”, 2010.